*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№19 (60539) * 2020 с. * 5 июнь * 13 шавваль * 1441 с. * рузман *

*райадминистрациялда*

## ОПЕРАТИВИЯБ ШТАБАЛЪУЛ ДАНДЕЛЪИЯЛДА



**I июналда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана оперативияб штабалъул иргадулаб данделъи. Гьениб лъикIаблъун бихьизабуна районалъул территориялда гьанжелъизегIан тIобитIулеб букIараб гIурхъичIвай хадубккунги хасаб хIукму бахъизегIан халатбахъизе гьабизе.**

Цадахъ рекъон тIоритIулел тадбираз районалда гIодобе ккезе байбихьана унтарал гIадамазул къадар, амма гьеб рахъалде жеги цIикIкIун кIвар кьезе ккола, унтулел гIадамазул къадар дагьлъулеб бугилан нилъеца цебе букIараб бакIалде нилъерго гIадлу – низамги, хьвада – чIвадиги бачине бегьуларо.

Специалистаз рикIкIунеб буго кIиабилеб нухалдаги гьеб квешаб унти нахъ буссине бегьулилан. Гьединлъидал, нилъ гIодоре риччазе жеги заман щун гьечIо, – ян бицана районалъул бетIер Р. Малачиловас.

Жакъа I июналде пневмониялъ унтарал гIадамазул къадар районалда бахуна 67 чиясде, гьездасан больницаялда регун сах гьарулел руго 60 чи. Дагь – дагьккун районалъул медицинаялъул гIуцIаби цереккунго хIалтIулел рукIарал хIалтIул низамалде рачине руго. ГьабсагIаталда гIаммал унтабаз унтарал гIадамал къабул гьаризе руго районалъул больницаялъул неврологиялъул отделениялде, КIикIуниб, МагIлиб ва Курмиб участкабазул больницабаздеги, – ян бицана районалъул бетIерав тохтур М. Абакаровас.

**ХIурматиял районалъул гIадамал!**

Унтаразул къадар гIодобе кколеб бугилан нилъ гIодоре риччазе жеги заман щун гьечIо. Кинабго рахъ лъикI бугилан рекIеде ккоге. Нужеца профилактика гьабиялде кIвар цIикIкIине гьабе: маскаби рай, гIемерал гIадамал данделъулеб бакIазде хьвадуге, цоцазда гьоркьоб манзил цIуне, дезинфекция гьабе – гьелъ нуж ва нужер гIагарлъи цIунизе буго.

**Суратазда:**
Штабалъул данделъиялда.



*Баркула*




## 12 ИЮНЬ - РОССИЯЛЪУЛ КЪО

**РСФСРалъул халкъиял депутатазул Советалъ къабул гьабуна Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб жибго жиндаго чIеялъул хIакъалъулъ декларация. 1992 соналъ РФялъул Верховный Советалъул хIукмуялдалъун ва 1994 соналъ бахъараб Президентасул Указалдалъун гьеб къо лъазабуна Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрамлъун ва 2002 соналдаса нахъе гьелъие щвана Россиялъул къойин абураб цIар.**

Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб суверенитеталъул декларация къабул гьабиялъ тасдикъ гьабула гьеб общественниябгун тарихияб цебетIеялъул тIубанго цIияб заманалда жаниб лъугьин, экономикаялгун политикиял реформабазе кьучI лъей, обществоялъул гIумруялда эркенлъиялъул ва демократиялъул принципал щула гьари.

Россия - гьеб ккола дунялалдаго жиндир асар цIикIкIараб, Тихий океаналдаса Балтикаялъул рагIаллъабазде щвезегIан ракьул гIатIилъи бугеб, гIемермиллатазулаб бечедаб тарихалъул пачалихъ. Россиялъул байрам къо - гьеб ккола нилъер умумузул бахIарчияб ва хIалуцараб захIматалъул, гIуцIарухъанлъиялъулал гьунаразул гвангъараб матIулъун.

РакI-ракIалъ баркула киназдаго Россиялъул къоялъул байрам.

**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**Районалъул бетIер.**




*Баркула!*

**РакI – ракIалъ баркула районалъул халкъ социалияб рахъалъ хьезариялъул хIалтIухъабазда профессионалияб байрам - СОЦИАЛИЯВ ХIАЛТIУХЪАНАСУЛ КЪО – 8 июнь.**

Нужеца хъулухъ ва кумек гьаб захIматаб, гIемерал гIадамал цадахъго унтараб мехалдаги бихьизабуна жегиги цIикIкIараб жавабчилъиялда ва даражаялда. Гьединлъидал пенсионерал, ветеранал, лъимал гIемерал хъизамал, гIажизал, язихъал ва ресукъал гIадамал нужедаса разиго ругел.

Нужер гурхIел - рахIмуялъул кумек гIорхъи гьечIеб реццалъе мустахIикъаб буго.

Божарал руго, хадубккунги нужеца нужерго профессионалияб борч ракIбацIадго, тIадегIанаб даражаялда тIубазе букIиналда.

**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**Районалъул бетIер**

*ЖАМГIИЯТ*

# ДЕЗИНФЕКЦИЯ ТIОБИТIАНА

**Коронавирусалъ гIадамал унтизе байбихьаралдаса гьелда данде гьарулел батIи – батIиял тадбирал къойидаса – къойиде цIикIкIунел руго нилъер улкаялда, хасго захIматаб ахIвал – хIалалде ккараб нилъер республикаялдаги.**

Гьединаздасан ккола нилъер республикаялда къокъабго заманалда жаниб, Россиялъул Президент В. Путин гьоркьове лъугьун, лъабго батIи – батIиял республикаялъул шагьараз-да кIинусго чи регизе бегьулел больницаби къокъабго заманалда жаниб гьаризе байбихьи, гьединго нус – нус чи регулел хехго ракIарулел авлахъалъул госпиталал Буйнакск шагьаралда ва Болъихъ районалда хIалтIизе риччай.

Гьел тадбиразда гьоркьобе уна ресалда ругел гIадамаз, общественниял гIуцIабаз, гIарцудалъун, дарабаздалъун, вирусаздаса цIунулел хасаб ратIлидалъун, маскабаздалъун гьабулеб бугеб кумекги.

КIудияб кIвар кьолеб буго нилъерго районалда гIемерал гIадамал ракIарулеб бакIазда дезинфекция гьабиялдеги. Дагьал церегIан къояз гьеб тIобитIизе нилъер районалде рачIун рукIана МЧСалъул Волжск шагьаралъул хвасар гьариялъул централъул хIалтIухъаби ва техника. Гьеб централъул 15 специалистас нилъер районалда дезинфекция гьабуна сахлъицIуниялъул, диниял идарабазда ва общественниял бакIазда, гIаммаб къадаралда 40 объекталда. Цебеккун гьеб гьабулеб букIана нилъерго къуваталдалъун. Районалда хIалтIулел ругел учреждениязда гьеб гьабула щибаб къоялъ.

Районалъул бетIер Р. Малачиловас ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабуна Волжск шагьаралъул хвасар гьариялъул централъул хIалтIухъабазе, нилъеде захIматаб къо бачIараб мехалда кумекалъе рачIаралъухъ.

Иншааллагь, гьарулел ругел киналго тадбираз лъикIаб хIасил кьечIого хутIиларо.

Нуж Аллагьас унта – щукълъичIого, сах – саламатго цIунаги киналго.

**Суратазда:**
Дезинфекция гьабулеб.






# ОГЭ ва ЕГЭялъулъ хиса – басиял

**Гьале исанаги нахъа тана иргадулаб цIалул сон. Киса – кирего школазда цIакъ аваданаб, ракI разияб къагIидаялда тIобитIулаан ахирисеб цIумур къабиялъул байрам, школа лъугIун унездехун абулаан нухбитIиялъул рагIаби, умумуз хинал рагIабаздалъун баркала загьир гьабулаан мугIалимзабазе, цIалулъ лъикIал хIасилазе гIоло цIалдохъабазе кьолаан грамотаби, шапакъатал.**

Исана гьеб кинабго макъугIадинаб жо букIанин ккола чIобогояб школазул азбарал рихьараб мехалъ.

Коронавирус тIибитIичIого букIинелъун байрамалда сверухъ гуребги хиса – басиял гьаризе ккана цIалул низамалдаги.

Ахирисеб четверталда школазда – рикIкIадасан цIалулеб къагIида гьабизе ккана интернет бухьеналъул кумекалдалъун. ЛъикIниги квешниги цIалул сон лъугIана.

Ахиралде цIалул сон щолеб мехалъ кидагогIадин цебечIараб масъалалъун лъугьана ОГЭ ва ЕГЭ-ялда хурхарал хIалбихьиял. ТIолгодунялалдаго тIобитIараб гьаб унти сабаблъун гьарулел ругел хиса - басиял ОГЭ ва ЕГЭ ялдаги хъинтIичIого хутIичIо.

ИчIго класс лъугIун цIалдохъабаз кьезе кколел рукIарал ОГЭ ялъул хIалбихьиял рукIине гьечIо ва аттестаталда предметалъул цIалул хIасилазул къимат босизе буго лъагIалил цIалул хIасилалдасан. Исана ОГЭ букIине гьечIо.

Школа лъугIун унел ругел 11 классалъул цIалдохъабаздаги ЕГЭялъул хIалбихьиял киналго выпускниказда кьезе тIадаблъун гьабун гьечIо, гьезие киназего аттестаталги кьезе руго лъагIалил цIалул хIасилазул къиматалги тIаде росун.

ЕГЭ кьезе буго школаги лъугIун жеги тIадегIанаб лъаялъул цIалул идарабазде цIализе ине ракIалда бугез, гьезие ЕГЭялъул хIасилал къваригIуна. Исана нилъер районалда 9 класс лъугIулеб буго 191 цIалдохъанас, 11 класс лъугIулеб буго 82 цIалдохъанас, гьезда гьоркьоса ЕГЭ кьезе буго 42 цIалдохъанас, 40 цIалдохъанас инкар гьабун буго ЕГЭялдаса. ЕГЭ тIобитIиялде гьарулел тIалабал исана унтиялда хурхун цIикIкIинарун руго, районалда ЕГЭялъул хIалбихьиялги цебегIадин КIикIуниб школалда тIоритIизе руго.

### Гьоркьехун бахъулеб буго 2020 соналъ ЕГЭ тIобитIиялъул тартиб

#### Основной период

3 июля – география, литература, информатика и ИКТ
6, 7 июля – русский язык
10 июля – математика (профиль)
13 июля – история, физика
16 июля – обществознание, химия
20 июля – биология, иностранные языки (письменная часть)
22, 23 июля - иностранные языки (устная часть)

#### Резервные дни

24 июля – резервные дни по всем учебным предметам кроме русского языка и иностранных языков.
25 июля - резервные дни по всем учебным предметам.

#### Дополнительный период

3 августа - география, литература, информатика, биология, история, иностранные языки (устная часть).
5 августа - русский язык.
7 августа - обществознание, химия, физика, математика (профиль), иностранные языки (письменная часть).
8 августа - резервный день для сдачи экзаменов по всем предметам.

# БУКIИНА РАЙОНАЛДА ЖЕГИ КIИГО ПАРК



**Республикаялъул бетIер В. Васильевасул жигаралдалъун хIалтIулеб бугеб «Мой Дагестан – комфортная городская среда» проекталда рекъон районалъул КIикIуниб ва Мурада росабалъ тIад бан унеб буго паркал гьариялъул хIалтIаби.**

Гьел гьарулел руго «Проекттсервис» фирмаялъ. КIикуниб росулъ рихулел руго паркалда гьорлъе унеб площадкаялда рукIарал басриял рукъзал ва гьеб гьабизе бугеб бакI берцинго сверун къалеб буго. Мурада росулъ рагIалде бакIарулеб буго парк гьабиялъул хIалтIаби: гьарулел руго тротуарал, хIадур гьабулеб буго лъималазул площадка. Мурада росдал администрациялъул бетIер М. НурмухIамадовас баян гьабуна росдал гIадамал гьарулел хIалтIабаздаса разиго ругилан.

ТIабигIат берцинаб, гьава бацIадаб бакI нижер росу букIаниги лъималаз хIалхьи гьабизе санагIатаб бакI нижехъ букIинчIо. Гьединлъидал, аслияб къагIидаялда парк гьабиялдаса рохарал лъимал руго. Гьеб гьабулеб буго школалъул территориялда – ян бицана МухIамадица. КIиябго парк балеб бакIалда чIван буго объекталъул паспорт. Гьелда чIванкъотIун бихьизабун буго гьеб балел ругел, хIалтIаби байбихьараб ва гьеб лъугIизе кколеб замана ва гь. ц. Бокьарав чиясда лъидаго цIехечIого лъазе рес буго лъица, кида ва сундуе гIоло гьеб балеб бугебали.

**Суратазда:** Паркал раялъул хIалтIаби.



## КЪВАТIИСА ПАЧАЛИХЪАЗУЛ КУМЕК ДАГЪИСТАНАЛЪЕ

**Дагъистаналда коронавирусалъ гIемерчиясе къварилъи кколеб бугилан рагIун гьелда данде къеркьезе Дагъистаналъе кумек хIажат бугилан интернеталда хабар тIибитIун хадуб Севернияб Кавказалдаса вакилзабазул 13 гIуцIиялъ кагътал хъван руго Турциялъул нухмалъулев Ражан Эрдогъанида Дагъистаналъе кумек гьарун. Гьелъул хIасилалда турциялъулаз ва гьенир ругел нилъер ватIанцояз дарабаздалъун ва медицинаялъул къайи - цIаялдалъун гьабураб кумек тIаде щвана. ТIурциялъул «БагIараб бащдаб моцI» абураб гIуцIиялъул нухмалъулев Ибрагьим Алтанил рагIабазда рекъон, гьениб рагIула Россиялъул гIарцуде буссинабуни 27 млн гъурущалде къайи.**

Щуго ИВЛ – аппарат, нусазарго маска, цIуна – къаялъе 20 азарго комбинизон, 20 азарго очкаби цогидабги.

Гьединго Чачан республикаялъул бетIер Рамзан Къадыровасулги ва Абу – дабиялъул принц Мухаммад бен Заед Аль Нахайянилги телефоналдасан букIараб кIалъа – бачаялда Р. Къадыровас гьарана Чачаналъе ва Дагъистаналъе коронавирус тIибитIичого букIиналъе данде рагъ гьабиялъе къваригIунеб къайи – цIаялдалъун кумек. Гьелъул хIасилалда хIукму ккана кIиябго регионалде цо – цо самолет битIизе къваригIанщинаб къайи тIад лъураб. Дагъистаналде гьеб щвезе ккола 3 июналда. Кумекалде гьоркьобе унеб буго 15 азарго комбинизонал, 500 азарго перчаткаби, 50 азарго маска, 32 азарго бахилаби, 6 азарго антибактериальные средства, 3,6 азарго салфетка, 25 азарго тестал.



## НУХАЛ КЪАЧIАЛЕЛ РУГО

**Нилъер районалда байбихьун буго гIисинал росабалъе ругел нухал къачIазе. ЧIахIиял хIалтIаби гьеб къачIаялъул рахъалъ гьарулел руго лъабго соналъ гьел хIалтIаби гьариялъул тендер бергьараб «Прогресс» гIуцIиялъ.**

КъачIан лъугIана Могьохъ росулъе бугеб 6 км. манзилалъул халалъи бугеб нух. Гьединго рагIалде бахъана Дарада – Горбони нух къачIаялъул хIалтIаби. Трактор, грейдер, юк баччулел автомашинаби хIалтIизарун рукIалиде рачIинаруна нухал, гьелъул рагIаллъаби, их бачIине тарал каналал, цIезаруна гвендал. Гьединал хIалтIаби гьоркьоса къотIичIого гьаризе хIисабалде росун руго.



**Суратазда:** Нухал къачIалел.

*Нужее пайдаялъе*

# НАЙИЛ ГЬОЦIО

**Найил гьоцIо даруяб букIин гIадамазда лъалаан аза-азар соназ цебего. НекIсияв медицинаялъул гIалимчи Гиппократил хъвай -хъвагIаяздаги гьеб гIемер дандчIвала. ГIурусазулги руго, батIи-батIияб хурдулгун журан, гьацIул гьарулел некIсиял дарабазул хIакъалъулъ гIемерал малъа-хъваял. Гьаб заманаялъул халкъияб медицинаялдаги гIемер хIалтIизабула гьеб.**

ГьацIуда гъорлъ рукIуна глюкоза, фруктоза, белокал, минералал, органикиял кислотаби ва витаминал (В2, В6, РР ва цогидалги). ГьацIул 100 граммалда гъорлъ букIуна гIага - шагарго 315 калорий. Гьелъул кIудияб пайда буго гIисинал ва гIун рачIунел лъималазе. ГьоцIо гьезул чорхолъ бигьаго регьуна, гьуинаб бугониги, гIусалги хвезарулаaро. Гьединлъидалин къватIисел улкабазул цаби-гIусазул тохтурзабаз лъималазул эбелинсуда чакрилги цогидал гьуинлъабазулги бакIалда найил гьоцIо хIалтIизабейилан малъулеб.

Сахал гIадамазги гьеб кваназе ккола батIи-батIиял унтабазде данде чорхол къуват цIикIкIинабизе.

**РекIел, тIулал, кванирукъалъулгун бакъазул унтаби ругезеги, би дагъазеги, нервабазулгун квачалъул унтаби ругезеги найил гьоцIо гьечIого гIоларо.**

ЦIияб гьоцIо букIуна тIокIкIараб ва заман анагIан гьеб бакъвалъун, чакар гIадин лъугьуна.

Пайдаяб ва тIагIамаблъун рикIкIуна «барщараб» гьоцIо.

Заман араб бугищали лъазе гьоцIо гъудалъ багъарула. Гъудалдаса хехго чвахун унеб цIияб, рекIун чIолеб - басрияб букIуна.



ГьацIул кьерги батIи-батIияб букIуна - канчIтIогьилаб (акациялъул), бецIсурмияб (гречихаялъул).

Кьерги тIагIамги бараб букIуна най хьихьараб бакIалдаги, гьоцIо бакIарараб заманалдаги. Абула, кьер бецIабгIан гьацIулъ минералиял жал цIикIкIун рукIуниланги.

## Шибаб унтуе гьоцIо хIалтIизабула батIи-батIияб къагIидаялда.

Мисалалъе, **щекъер унтун бугони**, гьеб кIалдибги ккун, дагь-дагькккун цIункIула;

**кванирукъгун бакъал унтун ругони,** гьоцIо, лъадалъги багъарун, кваналелде цебе гьекъола;

**фарингит, ларингит ялъуни гьуърузул унтаби ругони,** гьацIул ингаляция гьабула.

Унтаби хехго сахлъула гьоцIо щибаб унтуе данде кколел хурдул гъорлъ гьализаруараб лъимгун гьекъани. Мисалалъе, кIудияб гъуд цIураб даруяб хариде тIола цо стакан гьалараб лъадал, цIорозегIанги тун, лъим цIцIула ва, гьелда гъорлъ цо кIудияб гъуд цIураб гьоцIоги багъарун, гьекъола.

**Берцинлъи ва гIолохъанлъи цIунизе бокьарал руччабаз,** анкьида жаниб кIиго нухалда тIогьилаб хоноги, глицеринги, лимоналъул сокги, гьоцIоги жубазабун, гьурмадаги горбодаги бахине ккола.

**Гьадил** тIогьодаса бакIарараб гьоцIо лъикIаб буго квачалъул унти ккараб, грипалъ унтараб мехалда.

**Гречкаялъул** тIогьол гьацIуца сах гьабула кванирукъалъул, бидул, тIомол унтаби.

Кванирукъалъуб цIекIлъиялъул роцен рекъараб бугони, гьоцIо кваназе бегьула кванда хадуб. Кванирукъалъуб цIекIлъи дагь бугони, гьоцIо къулчIизе ккола кваналелде 10-15 минуталъ цебе ва тIаде цIорораб лъим гьекъезеги лъикIаб буго. ЦIекIлъи цIикIкIараб бугони, гьоцIо къулчIула кванан хадуб 2-3 сагIаталдасан ва гьелда тIаде хинаб лъим гьекъола.

ГьоцIо дарулъула тIолабго кванил мухъалъе, амма гьеб бараб букIуна кванирукъалъул сокалъул кислотносталда.

**Кванда цебе гьоцIо кваналеб бугони,** гьелъ квербакъи гьабула кванирукъалде сок бачIинабизе ва гьелъул кислотность цIикIкIинабизе.

**Кванирукъалъул сокалъул кислотность гIодобе ккараб бугони,** гьоцIо кваназе ккола кванда цебе цIорораб лъелъги биинабун: цо кванил гъуд гьацIул биинабила цо стакан цIорораб лъелъ.

**Кванирукъалъул сокалъул кислотность цIикIкIараб бугони,** кваназе 1,5 сагIат хутIараб мехалъ радал, къаде ва тIадагьаб къасиквеналдаса хадуб 2 сагIаталдасан хIалтIизабила гьацIул дару.

## КIочене бегьуларо цо-цо гIадамазе гьацIуца аллергия лъугьинабулеблъиги.

ГьацIул дару гьабизе данде ккоаро гьелъ аллергия лъугьинабулев чиясе.

Гьединаз гьеб дагь-дагькккун хIалтIизабизе ккола.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

# АДМИНИСТРАТИВНАЯ ОТВЕТСТВЕННОСТЬ ЗА ПРАВОНАРУШЕНИЯ ЭКСТРЕМИСТКОЙ НАПРАВЛЕННОСТИ

**В российском законодательстве наряду с уголовной ответственностью за деяния экстремистской направленности предусмотрена также административная.**

Так, в соответствии с Кодексом Российской Федерации об административных правонарушениях (далее –КоАП) за административные правонарушения по: части 2 статьи 13.15 КоАП - злоупотребление свободой массовой информации (распространение информации об общественном объединении или иной организации, включенных в опубликованный перечень общественных и религиозных объединений, иных организаций, в отношении которых судом принято вступившее в законную силу решение о ликвидации или запрете деятельности по основаниям, предусмотренным Федеральным законом от 25 июля 2002 г. № 114-ФЗ «О противодействии экстремистской деятельности», без указания на то, что соответствующее общественное объединение или иная организация ликвидированы или их деятельность запрещена). За совершение данного правонарушения предусмотрено наказание в виде наложения административного штрафа на граждан в размере от двух тысяч до двух тысяч пятисот рублей с конфискацией предмета административного правонарушения; на должностных лиц - от четырех тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения; на юридических лиц – от сорока тысяч до пятидесяти тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения.

статье 20.3 КоАП - пропаганда либо публичное демонстрирование нацистской атрибутики или символики, либо атрибутики или символики экстремистских организаций, либо иных атрибутики или символики, пропаганда либо публичное демонстрирование которых запрещены федеральными законами (изготовление или сбыт в целях пропаганды либо приобретение в целях сбыта или пропаганды нацистской атрибутики или символики, либо атрибутики или символики, сходных с нацистской атрибутикой или символикой до степени смешения, либо атрибутики или символики экстремистских организаций, либо иных атрибутики или символики, пропаганда либо публичное демонстрирование которых запрещены федеральными законами). За совершение данного правонарушения предусмотрено наказание в виде наложения административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи до двух тысяч пятисот рублей с конфискацией предмета административного правонарушения; на должностных лиц - от двух тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения; на юридических лиц - от двадцати тысяч до ста тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения.

статье 20.29 КоАП - производство и распространение экстремистских материалов (массовое распространение экстремистских материалов, включенных в опубликованный федеральный список экстремистских материалов, а равно их производство либо хранение в целях массового распространения). За совершение данного правонарушения предусмотрено наказание в виде наложения административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи до трех тысяч рублей либо административный арест на срок до пятнадцати суток с конфискацией указанных материалов и оборудования, использованного для их производства; на должностных лиц - от двух тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией указанных материалов и оборудования, использованного для их производства; на юридических лиц - от ста тысяч до одного миллиона рублей или административное приостановление деятельности на срок до девяноста суток с конфискацией указанных материалов и оборудования, использованного для их производства.

**ОМВД России по Гергебильскому району.**

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26

Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 4 июнь 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00